

# RÈGLEMAN ENTÈN

[*Non PA/PTA a (paegzanp Asosyasyon Paran Parent Association (PA) PS123)*]

ASOSYASYON AN APWOUVE L NAN DAT [*dat yo apwouve l*]

\_\_\_\_\_  
NON PREZIDAN AN

\_\_\_\_\_  
SIYATI PREZIDAN AN

\_\_\_\_\_  
DAT

\_\_\_\_\_  
NON MANM KOMITE A

\_\_\_\_\_  
SIYATI MANM KOMITE A

\_\_\_\_\_  
TIT

\_\_\_\_\_  
DAT

## Atik I - Non

Non asosyasyon an se pral [**Non PA/PTA (paegzanp Asosyasyon paran PS123)**]

## Atik II - Objektif

Objektif asosyasyon an se ofri lekòl la sipò ak resous pou avantaj ak pwogrè akademik timoun yo; pou devlope yon relasyon travay nan kolaborasyon ant paran ak estaf lekòl nou an; pou devlope lidèchip paran ak bati kapasite pou pi gwo patisipasyon; pou ankouraje patisipasyon paran nan tout nivo; ak ofri opòtinite ak trening pou paran ka patisipe nan jesyon lekòl la ak nan desizyon y ap pran yo.

## Atik III - Afilyasyon

Seksyon 1 Elijiblite

Paran elèv ki nan [**school name**] kounye a se manm [**name of organization**] otomatikman. Paran yo se paran pa nesans oswa pa adopsyon, bòpè/bèlmè, gadyen legal, paran fwaye dakèy, ak moun ki gen relasyon paran ak yon timoun ki nan [**school name**] kounye a. **Paran yon timoun ki nan [**school name**] kounye a pandan li enskri nan yon pwogram vil la se manm [**name of organization**] otomatikman.** Nan kòmansman chak ane lekòl, asosyasyon an ap voye yon lèt byenveni pou enfòmè paran yo sou kondisyon yo kòm manm otomatik, ak sou dwa yo genyen pou yo vote.

**[Si asosyasyon an se yon asosyasyon pwofesè-paran *Parent-Teacher Association* (PTA): *Tout pwofesè ap gen dwa pou vin manm (mete lòt kategori estaf ki gen dwa vin manm, tankou parapwofesyonèl, asistan nan lekòl, sekretè lekòl ak travayè kafeterya) k ap travay nan lekòl la nan moman an.*]**

Seksyon 2 Donasyon

Ou pa bezwen fè donasyon pou manm, pou vote ni pou poze kandidati. Yo ka mande chak manm pou bay [**mete kantite dola a**] kòm donasyon volontè

Seksyon 3 Privilej pou vote:

Chak paran yon timoun ki nan [**non lekòl la**] kounye a ap gen dwa pou vote yon fwa. Yo entèdi otorizasyon pou yon lòt moun vote pou yon manm *Proxy voting* oswa vòt a distans *absentee balloting*. **[Si asosyasyon an se yon asosyasyon pwofesè-paran: *Chak pwofesè (mete lòt kategori estaf ki gen dwa pou vin manm tankou parapwofesyonèl, asistan nan lekòl, sekretè lekòl ak travayè kafeterya) k ap travay nan lekòl la nan moman an ap gen dwa pou vote yon fwa.*]** dwa yon manm genyen pou l vote ka limite akòz restriksyon nan konfli enterè yo dekri nan Règleman Chanselye A-660 *Chancellor's Regulation A-660* (CR A-660).

## Atik IV – Manm Ekzekitif

### Seksyon 1 Tit

Manm ekzekitif asosyasyon an se pral: prezidan [**oswa ko-prezidan**], sekretè, trezorye, [**mete lòt manm yo**]. Asosyasyon an dwe eli manm ki obligatwa yo: prezidan, sekretè ak trezorye, pou li ka yon Asosyasyon paran *Parent Association* (PA) ki fonksyonèl. Pa dwe gen okenn lòt kalifikasyon pou okenn pòs eksepte se pou paran yon elèv nan lekòl [**non lekòl la**].

### Seksyon 2 Manda pòs la a ak limit manda a

Manda pòs la kòmanse apati 1ye jiyè pou rive 30 jen. Tout paran manm yo elijib pou poze kandida pou nenpòt pòs.

Limit manda pou chak pòs manm ekzekitif pou asosyasyon an se pral [**mete kantite manda a**] manda yonn apre lòt pou yon ane. Yo ka eli kandida ki fin konplete kantite tan manda yo pou fè yon lòt manda si yo pa nonmen lòt kandida ki enterese epi ki vle pozisyon an.

### Seksyon 3 Responsablite manm ekzekitif yo

**Prezidan [oswa Ko- Prezidan]:** Se prezidan k ap dirije tout reyinyon assosyon an epi se pral yon manm *ex-officio* tout komite yo eksepte komite nominasyon an. Prezidan ap nonmen lidè komite PA yo ak konsantman komite ekzekitif la. Prezidan an ap bay lòt manm PA responsablite yo epi l ap ankouraje gwo patisipasyon nan tout aktivite paran ak aktivite lekòl la. Prezidan an ap patisipe nan tout reyinyon regilye konsèy prezidan an epi li pral yon manm obligatwa komite dirijan lekòl *School Leadership Team* (SLT) la. Prezidan an ap rankontre regilyèman ak manm konsèy ekzekitif la dapre règleman sa yo pou planifye kalandriye pou reyinyon jeneral manm yo. Prezidan se pral yonn nan moun ki kalifye pou siyen chèk yo. Prezidan an pral patisipe nan seminè fòmasyon pwofesyonèl OFEA ki gen rapò ak lidèchip asosyasyon. Prezidan an pral ede nan transfè dosye PA/PTA mwa jen k ap fèt ba komite ekzekitif k ap vini an. [**Si gen ko-prezidan ki otorize ladan: Si asosyasyon sa a eli ko-prezidan rès manm komite ekzekitif la, nan konsiltasyon ak asosyasyon an, pral detèmine kiyès ko-prezidan ki pral sèvi kòm manm prensipal nan SLT a epi ki ko-prezidan ki pral sèvi kòm reprezantan lekòl la nan konsèy prezidan rejyon an/distri a.**]

**Sekretè:** Sekretè ap kenbe dosye ofisyèl yo (pwosè-vèbal) pwosedi ak aksyon tout reyinyon asosyasyon an. Responsablite sekretè gen ladan l preparasyon avi, ajanda, fèy prezans ak materyèl pou distribye. Sekretè a ap prepare ak li pwosè-vèbal chak reyinyon asosyasyon an epi l ap distribye kopi pwosè vèbal yo nan pwochen reyinyon ki pwograme a pou asanble a evalye l ak apwouve l. Sekretè a ap konsève dosye asosyasyon an nan lokal lekòl la. Sekretè a ap rantre tout amannman yo nan règleman yo epi l ap asire l pou gen kopi règleman ak dènye amannman yo ki siyen nan dosye biwo direktè a. Sekretè a ap responsab pou revize, konsève ak reponn tout korespondans yo voye ba asosyasyon an. Sekretè a ap ede nan transfè mwa jen tout dosye PA/PTA a ba komite ekzekitif k ap vini an.

Trezorye: Trezorye a ap responsab pou tout zafè finansye ak lajan asosyasyon an. Trezorye a ap responsab tou pou kenbe yon dosye ajou tout lajan ki rantre ak depans nan lekòl la epi lid we yonn nan moun ki siyen chèk yo. Trezorye a ap respekte ak aplike tout pwosedi finansye asosyasyon an tabli. Trezorye a ap mete l pre pou l prezante ak bay kopi rapò finansye nan tout reyinyon asosyasyon an. Trezorye a ap mete l pre tou pou bay kopi rapò finansye pwovizwa ak anyèl yo. Trezorye a ap mete tout kaye oswa dosye finansye adispozisyon manm yo pou evalyasyon ak verifikasyon, depi yo mande sa. Trezorye a ap patisipe nan seminè fòmasyon pwofesyonèl Biwo pou angajman ak defans dwa fanmi *Office for Family Engagement and Advocacy* (OFEA) ki gen rapò ak zafè finansye. Trezorye a ap ede nan transfè mwa jen tout dosye PA/PTA ba komite ekzekitif k ap vini an.

[Yo dwe mete responsablite ki vini ak pòs yo pou tout non pòs yo nan atik IV, seksyon 1 an (paegzanp, si asosyasyon an chwazi kreye pòs vis-prezidan mete: Vis-prezidan: *Vis-prezidan an ap ede prezidan oswa ko-prezidan an epi l ap ranpli wòl prezidan oswa ko-prezidan an lè yo pa la oswa lè prezidan an oswa ko-prezidan an mande sa. Vis-prezidan ap yonn nan moun ki dwe siyen chèk yo. Vis-Prezidan an ap ede nan transfè mwa jen dosye PA/PTA yo ba komite ekzekitif k ap vini an.*]

#### Seksyon 4 Eleksyon manm ekzekitif yo

Yo dwe eli manm ekzekitif yo ant twazyèm mèkredi mwa me ak twazyèm vandredi mwa jen pou yon manda ki dire yon ane ki kòmanse 1ye jiyè. Tout kalandriye Pa/PTA a tabli pou fè pwosesis nominasyon ak eleksyon yo dwe respekte entèval sa a. **[Règleman yo ka endike yonn oswa plizyè pòs manm ki pa obligatwa pou yo eli chak otòn. Règleman yo dwe endike dat ak pwosesis pou eleksyon otòn lan.]** Yo dwe avèti direktè a alekri sou dat eleksyon an nan dat 1ye me pou pi ta.

Manm okenn Konsèy edikasyon pou kominote oswa pou vil *Community or Citywide Education Councils* (CEC) pa elijib pou sèvi kòm manm yo eli nan asosyasyon an. Anplwaye nan lekòl, tankou koòdonatè paran, pa ka sèvi kòm manm asosyasyon an.

4.1. Komite nominasyon: Yo dwe fòme yon komite nominasyon pandan reyinyon asanble jeneral [mwa] la. Komite nominasyon an ap gen ladan l twa a senk manm. Majorite manm komite a dwe soti nan asanble jeneral la. Prezidan an ap chwazi rès manm komite nominasyon an, apre apwobasyon komite ekzekitif la. Komite nominasyon an ap chwazi yonn nan manm li yo pou sèvi kòm prezidan. Pa gen okenn anplwaye nan **[non lekòl la]** ki kalifye pou sèvi nan komite nominasyon an.

Pa gen okenn moun ki kandida pou pòs ki ka sèvi kòm manm nan komite nominasyon an.

Komite nominasyon an ap mande manm asosyasyon an alekri, ann angle ak nan lòt lang lè sa apwopriye, pou yo rekòmande kandida pou tout pòs. Komite nominasyon an ap responsab tou pou fè reyinyon eleksyon an, k ap gen ladan l:

- mande manm asosyasyon an pou kandida ki elijib;
- preparasyon ak distribisyon tout avi sou reyinyon ki konsène pwosesis nominasyon ak eleksyon an , dapre CR A-660. Yo dwe tradui avi yo nan lang paran nan lekòl la pale, tout fwa sa posib;
- preparasyon bilten vòt, fèy prezans, yon bwat pou bilten, fèy kontwòl bilten ak tout lòt materyèl ki konsène eleksyon an;
- verifikasyon elijiblite tout kandida ki entereze yo avan eleksyon an;
- asire yo bay tout manm opòtinite pou nominasyon, tankou nominasyon pwòp tèt yo, pou yo pran nominasyon yo nan asanble yo epi menm pou yo fini ofisyèlman pandan reyinyon **[mwa kote nominasyon yo ap fèmen an]** ;
- pwogramasyon eleksyon an nan yon lè ki garanti gwo patisipasyon;
- garanti ke se sèlman manm ki elijib yo ki resevwa yon bilten vòt;
- garanti ke direktè a oswa reprezantan li sètifye eleksyon an imedyatman apre eleksyon an;

Konsèy prezidan ki apwopriye a ak/oswa OFEA dwe fè yon eleksyon prese prese si yo pa ka fòme yon komite nominasyon.

- 4.2. Avi: Y ap distribiye avi ak ajanda reyinyon pou reyinyon eleksyon asanble jeneral prentan an dapre kondisyon sou avi CR A-660 la. Tout avi ak ajanda pou reyinyon dwe disponib ann angle epi yo dwe tradui nan lang paran lekòl la pale tout fwa sa posib. Dat distribisyon an ap parèt nan tout avi yo. Si nominasyon yo fèmen, avi pou reyinyon eleksyon an ap gen lis tout non kandida yo nan lòd alfabetik dapre siyati yo anba pòs yo nonmen yo pou yo a.
- 4.3. Eleksyon konteste ak itilizasyon bilten:
- Y ap sèvi ak bilten ki ekri yo nan tout eleksyon ki konteste.
  - Non kandida yo ap parèt sou bilten yon nan lòd alfabetik dapre siyati yo pou tit pòs yo te nonmen yo a. Non kandida yo pou pòs ko-prezidan dwe sou lis kòm yon ekip.
  - Yo dwe enprime bilten yo ak eksplikasyon pou vote ann angle ak nan lòt lang paran yo pale nan lekòl la tout fwa sa posib.
  - Yo dwe distribiye bilten yo depi yo fin verifye elijiblite moun k ap vote yo.
  - Yo dwe konte bilten yo imedyatman apre eleksyon an epi an prezans manm yo.
  - Lidè komite nominasyon an ap kenbe bilten yo pou sis mwa oswa si pa gen komite nominasyon, yon manm ap kenbe yo. Si li vin pa yon manm elijib ankò apre 30 jen, l ap remèt bilten yo ba sekretè k ap vini an.
- 4.4. Eleksyon yo pa konteste:  
Si gen yon sèl kandida pou yon pòs, yon manm dwe fè yon mosyon pou sekretè k ap pran nòt la pou jete bilten vòt la nan non tout asanble a pou eli kandida a pou pòs la. Yo dwe anrejistre aksyon sa a nan pwosè vèbal la.
- 4.5. Pòs vid pou manm ekzekitif:  
Yo dwe ranpli tout pòs ki vid pou manm ekzekitif ak pi gwo manm ki vin apre a. paegzanp, se vis-prezidan an oswa manm ki vin apre a k ap konble yon pòs prezidan ki vid. Si yo pa ka konble yon pòs ki vid ak moun ki vin apre a, y ap fè yon eleksyon prese prese pou yo konble pòs

la. Manm ki decide demisyone nan pòs yo apre yo fin sètifye yon eleksyon dwe soumèt demisyon yo alekri ba sekretè a epi remèt tout dosye asosyasyon an imedyatman. Men nan ki lòd manm pou konble pòs vid yo ye: **[*Metete tout manm komite ekzekitif la nan lòd siperyorite kòmanse ak prezidan an.*]**

4.6. Pwosesis pou eleksyon prese prese:

Yo dwe fè eleksyon prese prese yo pou konble pòs vid sizoka yo pa ka konble yo ak manm ki vin apre a. Komite ekzekitif la ap responsab pou anonse pòs vid yo ak distribye avi alekri sou eleksyon prese prese ki gen pou fèt la. Yo dwe fè tout nominasyon yo nan asanble a, imedyatman avan eleksyon an. Si yo konteste eleksyon an, yo dwe itilize bilten sou pape yo dapre seksyon 4.3 règleman sa yo.

Seksyon 5 Selektè konsèy edikasyon yo

Nan sikonstans kote ko-prezidan, ko-sekretè ak/oswa ko-trezorye, se rès manm komite ekzekitif la k ap vote pou chwazi moun ki pou selektè nan CEC, CCSE, CCELL oswa nan or CCHS .

Seksyon 6 Transfè dosye nan mwa jen

Komite ekzekitif PA k ap soti a ap fè aranjman pou transfè dosye yo ak enfòmasyon PA a nan lòd pou ane lekòl la ba komite ekzekitif k ap vini an. Y ap fè omwen yon reyinyon pandan mwa jen poutèt zafè sa a. Nenpòt manm nan komite ekzekitif la ka mande èd konsèy prezidan an pandan pwosesis sa a.

Seksyon 7 Mezi disiplin

Nenpòt manm ekzekitif ki rate twa (3) reyinyon komite ekzekitif la oswa twa reyinyon manm jeneral yonn dèyè lòt, komite ekzekitif la oswa mosyon yon manm ak de tyè vòt manm ki prezan yo ap fè rekòmandasyon pou yo retire l nan pòs li. Y ap bay manm lan opòtinite pou soumèt yon eksplikasyon alekri sou rezon ki fè li pa asiste reyinyon sa yo pou komite ekzekitif la ka fè konsiderasyon pou li.

Yo ka retire manm PA yo tou si yo pa bay satisfaksyon nan pèfòmans yo. Y ap swiv pwosedi ki pi ba a:

- Yon manm PA ka mande yon mosyon nan nenpòt reyinyon ann asanble pou kòmanse pwosesis ranvwa yon manm komite ekzekitif la akòz pèfòmans ki pa satisfèzan.
- Si gen de tyè manm asanble a ki apwouve mosyon an, PA a dwe eli yon komite evalyasyon pa majorite vòt. Manm komite ekzekitif la pa ka sèvi nan komite evalyasyon an.
- Komite evalyasyon an ap rasanble enfòmasyon enpòtan epi l ap prezante rezilta yo ba asanble jeneral la pou pèmèt manm yo pran bon jan desizyon sou mosyon an. Yo dwe prezante rezilta yo alekri nan yon reyinyon ann asanble jeneral nan entèval 30 jou lekòl apati dat yo te prezante mosyon an. Avi ak ajanda PA a dwe endike ke asanble a ap fè yon vòt konsènan ranvwa yon manm ekzekitif PA a.
- Yo dwe soumèt rezilta mosyon an alekri ba direktè lekòl la , ki dwe li menm voye l ba sipèntandan ak CFEO ki apwopriye a.

## Atik V – Komite Ekzekitif

### Seksyon 1 Konpozisyon I

Komite ekzekitif la dwe gen ladan I manm asosyasyon yo eli yo [**Komite ekzekitif la ka gen ladan tou lidè komite pèmanan yo**]. Anplwaye ki nan [**non lekòl la**] pa p elijib pou sèvi kòm yon manm eli nan asosyasyon an. Okenn anplwaye DOE pa ka sèvi kòm manm obligatwa: prezidan, sekretè ak trezorye. Y ap atann pou manm yo patisipe nan tout reyinyon komite ekzekitif la.

### Seksyon 2 Reyinyon

Reyinyon yo pwograme regilyèman pou komite ekzekitif la dwe fèt chak mwa, soti septanm rive jen, jou [**ki jou nan semèn lan**] nan chak mwa a [**lè**], sofsi dat sa a ta tonbe nan yon jou konje legal oswa nan yon jou konje relijye, kote nan ka sa a y ap fè reyinyon an nan [**ki jou nan semèn lan**] ki vin avan oswa apre a.

### Seksyon 3 Vòt

Chak manm komite ekzekitif la ap gen dwa pou vote yon fwa.

### Seksyon 4 Quorum

Se [**mete nimewo quorum lan**] manm komite ekzekitif la ki pou prezan *quorum* pou pèmèt yo kapab fè tranzaksyon ofisyèl.

## Atik VI – Reyinyon asanble jeneral

### Seksyon 1 Reyinyon ann asanble jeneral

- 1.1. Reyinyon ann asanble jeneral asosyasyon an ap fèt jou [**ki jou nan semèn lan**] nan chak mwa apati septanm rive jen, a [**lè**], sofsi dat sa a ta tonbe nan yon jou konje legal oswa nan yon jou fèt relijye, kote nan ka sa a y ap fè reyinyon an nan [**ki jou nan semèn lan**] ki vin avan oswa apre a jan komite la define l la. Y ap distribye avi sou chak reyinyon ann asanble jeneral nan lang paran lekòl la pale, tout fwa sa posib. Yo dwe voye avi a omwen dis jou avan reyinyon ki pwograme a. Dat distribisyon an ap parèt nan tout avi yo.
- 1.2. Tout reyinyon, ladan reyinyon komite ak reyinyon komite ekzekitif la, dwe fèt nan lekòl prensipal kote asosyasyon an baze. [**Lekòl segondè ki gen yon gwo popilasyon fanmi k ap soti lwen pou vin lekòl la ka chèche konsiderasyon bò kote Fonksyonè anchèf pou angaj man fanmi an Chief Family Engagement Officer.**] Nan okenn sikonstans yo pa ka fè reyinyon PA yo nan kay prive ni nan mezon komès (paegzanp restoran ak *club* prive).
- 1.3. Tout manm ki elijib ka asiste ak patisipe pandan reyinyon ann asanble jeneral yo epi yo ka pale sou bagay ki nan ajanda a dapre restriksyon ki nan règleman sa yo.
- 1.4. Moun ki vin obsève yo ka pale ak patisipe, si prezidan an aksepte.

## Seksyon 2 Sije diskisyon

Men sa ki pral sijè diskisyon nan reyinyon asosyasyon an [**yo ka modifye yo**], sofsi komite ekzekitif la fè chanjman:

- Ouvèti sesyon an
- Lekti ak apwobasyon pwosè vèbal
- Rapò Prezidan an
- Rapò Trezorye a
- Rapò Direktè/tris lekòl la
- Rapò komite dirijan lekòl School Leadership Team(SLT)
- Rapò komite yo
- *Old Business*
- *New Business*
- Fen

## Seksyon 3 *Quorum*

Yon quorum [**mete kantite a – quorum pou yon reyinyon ann asanble jeneral dwe gen reprezantasyon omwen 8 manm PA, ak yon minimum 2 manm komite ekzekitif ak 6 manm paran.**] manm asosyasyon an pou yo ka regle zafè ofisyèl asosyasyon an.

## Seksyon 4 Pwosè- vèbal

Pwosè-vèbal reyinyon ki te fèt avan an ap disponib sou fòm ekri epi y ap li l pou yo ka apwouve l nan chak reyinyon ann asanble jeneral. Pwosè-vèbal tout reyinyon asosyasyon an dwe pou l disponib si yon lòt manm mande sa.

## Seksyon 5 Reyinyon ann asanble jeneral espesyal

- 5.1 Yo ka mande yon reyinyon ann asanble jeneral espesyal pou jere yon zafè enpòtan ki pa ka tann jiskaske pwochen reyinyon ann asanble jeneral la fèt. Prezidan an ka mande yon reyinyon ann asanble jeneral espesyal nan yon avi ba paran nan yon minimum 48 èdtan pou l presize sijè ki pral diskite nan reyinyon an.
- 5.2 Depi prezidan resevwa demann alekri nan men [**mete kantite manm PA a**] manm asosyasyon an, li dwe konvoke yon reyinyon ann asanble jeneral espesyal nan entèval senk jou ouvrab apati dat demann lan ak yon avi alekri ba paran nan 48 èdtan.

## Seksyon 6 Otorite palemantè

Yo dwe adopte règ disiplin pou reyinyon yo kòm yon gid epi yo dwe mete yo nan règleman sa yo. Kote yo pa adopte règ disiplin, y ap jije nesèsè pou aplike *Robert's Rules of Order – ke yo fèk revizea*, depi li konsistan ak lwa, règleman, règ ak règlemantasyon yo.

## Atik VII – Komite

### Seksyon 1 Komite pèmanan

- 1.1 Prezidan an ap nonmen lidè komite pèmanan yo ak konsantman komite ekzekitif la. Y ap fòme komite pwovizwa Ad-hoc yo apre apwobasyon komite ekzekitif la. Se sèlman lidè komite pèmanan yo k ap gen dwa vote sou pwoblèm komite ekzekitif la. Men konpozisyon komite pèmanan asosyasyon an **[men komite pèmanan yo sijere pi ba a. Asosyasyon an dwe vote pou chwazi ki komite pèmanan pou yo mete nan règleman yo.]**:

Afilyasyon: Komite afilyasyon an ap responsab pou ankouraje patisipasyon paran, motivasyon ak anbochaj. Lidè komite afilyasyon an ap fè tout efò pou koòdone efò ak estrateji motivasyon yo ak koòdonatè paran lekòl la. Komite afilyasyon an ap prepare tou yon bilten enfòmasyon pou tout manm yo , ki gen ladan l ominimòm mesaj direktè lekòl la, mesaj prezidan PA/PTA a, lis manm komite ekzekitif la, tout dat reyinyon PA/PTA yo, aktivite elèv ak paran ap fè, règleman lekòl la, bidjè PA a ak tout lòt materyèl asosyasyon an jije nesèsè. Komite a ap responsab tou pou kenbe yon lis manm aktyèl yo k ap disponib san adrès kay ak nimewo telefòn nan chak reyinyon manm k ap fèt.

Bidjè: Komite bidjè a ap responsab pou prepare 1) yon pwopozisyon bidjè chak prentan pou manm yo apwouve, 2) yon evalyasyon alekri sou bidjè ane avan an. Li dwe prezante toude pou vòt nan reyinyon manm mwa me a, epi 3) prezante pwosesis bidjè a. (gade atik VIII, Seksyon 3.)

verifikasyon: Komite verifikasyon an ap fè yon verifikasyon entèn oswa l ap rekòmande pou verifikasyon entèn sou tout zafè finansye òganizasyon an fèt dapre rezilta yo te jwenn avan. Trezorye a ap mete tout kaye ak dosye adispozisyon yo. Komite verifikasyon an ap prepare yon rapò alekri oswa l ap bay kopi rapò ekstèn lan pou yo prezante l devan manm yon an reyinyon ann asanble jeneral oswa depi yo fin fè evalyasyon ak investigasyon yo.

## Atik VIII – Zafè finansye

### Seksyon 1 Ane fiskal

Ane fiskal asosyasyon an kòmanse apati 1ye jiyè pou l fini 30 jen.

## Seksyon 2 Moun ki pou siyen

Moun k ap gen otorizasyon pou siyen chèk se prezidan an [**oswa ko-prezidan an**], trezorye a [**mete lòt manm k ap gen dwa siyen chèk**]. Tout chèk dwe gen omwen de siyati. De moun ki siyen chèk yo pa gen dwa gen lyen ni pa san ni pa maryaj. Mari/madanm, frè/sè, bòfrè/bèlsè oswa bòpè/bèlmè oswa lòt paran oswa manm nan yon menm fanmi pa gen dwa siyen menm chèk PA a nan okenn sikonstans. Yon manm PA a pa gen dwa siyen yon chèk si l gen enterè dirèk oswa endirèk kèlkonk nan depans yo.

## Seksyon 3 Bidjè

3.1 Komite ekzekitif la ap responsab pou kreyasyon ak/oswa evalyasyon pwosesis bidjè a, tankou:

- Komite ekzekitif k ap soti a dwe evalye bidjè aktyèl la, sitiyasyon finansye anyèl la, kontablite, depans yo ak bòdwo espesyal yo epi prepare yon pwopozisyon bidjè pou ane lekòl k ap vini an. Manm yo dwe prezante ak apwouve pwopozisyon bidjè a nan reyinyon mwa me a pou pi ta.
- Komite ekzekitif k ap rantre a dwe evalye pwopozisyon bidjè a an septanm pou prezantasyon ak diskisyon pandan reyinyon mwa septanm lan. Yo ka pwopoze pou fè amandman nan bidjè a nan moman sa a.
- Komite ekzekitif la dwe prezante pwosesis bidjè a pou manm yo apwouve l nan reyinyon mwa oktòb la pou pi ta.
- Se de manm PA a omwen ki dwe kontwòle ak jere tout lajan cash, chèk oswa *money orders* PA a resevwa. Manm PA sa yo pa dwe gen lyen pa san ni pa maryaj. Yo dwe konte lajan yo resevwa yo nan lekòl la menm jou yo resevwa l la. Dosye finansye PA a dwe montre kantite total lajan ak siyati manm PA ki te patisipe nan kkontwole lajan an.
- Okenn paran ni manm estaf pa ka kolekte lajan ki soti nan men elèv san otorizasyon dirèk lekòl la.
- Manm komite ekzekitif ki otorize ap depoze tout lajan sou kont labank nan espas 24 èdtan apre yo fin resevwa l, nenpòt lè li posib. Okenn manm pa p ka kenbe lajan lakay li men y ap fèmen l ansekirite nan lekòl la. Se de manm ki otorize omwen ki dwe al depoze lajan PA a labank.
- Yo dwe kenbe dokiman ki gen rapò ak chak tranzaksyon nan lekòl la (paegzanp, chèk ki anile, resi depo, kòmand acha ki fèt, pwosè-vèbal PA a ki gen rapò ak tranzaksyon lajan, etc.)

3.2 Asanble jeneral la ka amande bidjè pa vòt nan nenpòt reyinyon ann asanble jeneral.

3.3 Tout depans ki pa nan bidjè a nan moman yo te adopte l la fèt pou jwenn apwobasyon manm yo.

3.4 Komite ekzekitif la gen otorizasyon pou l fè depans nan yon ka ijans ki pa depase [**mete kantite kòb yo ka depanse pou ijans lan**] apre de tyè komite ekzekitif la fin apwouve l. Trezorye a ap rapòte depans sa yo alekri ba asanble a nan pwochen reyinyon asosyasyon an. Pwosè-vèbal

reyinyon an dwe montre vòt asosyasyon an te fè pou aksepte aksyon sa a.

#### Seksyon 4 verifikasyon

- 4.1 Prezidan an ap mande volontè pou fòme yon komite verifikasyon ki gen 3 a 5 moun ladan l. Manm komite ekzekitif ki pa elijib pou siyen chèk asosyasyon an ka sèvi nan komite verifikasyon an. Majorite komite a ap soti nan asanble jeneral la.
- 4.2 Komite verifikasyon an ap fè verifikasyon tout zafè finansye asosyasyon an avèk èd trezorye a k ap mete tout kaye ak tout dosye yo adispozisyon yo. Komite verifikasyon an ka mande tou pou yo fè yon verifikasyon ekstèn nan dosye finansye asosyasyon an.
- 4.3 Responsablite anplis komite verifikasyon an genyen se evalyasyon tout eta finansye ak dosye depans enpòtan, verifikasyon tout ekipman asosyasyon an epi garanti respè lwa règleman yo pou fè tranzaksyon lajan.
- 4.4 Komite verifikasyon an ap prepare yon rapò ekri oswa l ap bay kopi rapò ekstèn lan pou yo prezante l ba manm yo nan yon reyinyon ann asanble jeneral oswa depi yo fini ak evalyasyon an ak investigasyon an. Y ap mete rapò sa a pou evalyasyon ak diskisyon pandan transfè dosye mwa jen an.

#### Seksyon 5 Kontablite finansye

- 5.1 Trezorye a ap prepare Rapò finansye pwovizwa a nan dat 31 janvye pou pi ta ak rapò finansye anyèl la nan reyinyon mwa jen an pou pi ta, k ap gen ladan l tout lajan ki rantre, tout depans, ak tout lòt tranzaksyon ki fèt. Asanble jeneral la ap prezante ak evalye rapò sa yo. Y ap bay direktè a kopi rapò sa yo.
- 5.2 Trezorye a ap responsab pou tout lajan asosyasyon an epi l ap kenbe dosye ki kòrèk sou yon fòm ki konsistan ak lwa ansanm ak règleman Chanselye ki aplikab yo. Dapre CR A-610, paran yo dwe resevwa apwobasyon alekri ki soti nan men direktè lekòl la avan yo ranmase lajan nan men elèv yo. Trezorye a ak omwen yon lòt manm PA a ap pote tout lajan labank epi fòm resi depo *deposit slips* yo ap idantifye sous kote tout lajan ki depoze yo soti. Tout moun ki patisipe nan tranzaksyon lajan ap mete inisyal yo sou *deposit slips* yo. Tout dosye asosyasyon an, tankou chekye *checkbooks*, ledger, chèk ki anile, fakti, resi, etc, y ap kenbe yo ansekirite nan lokal lekòl la.

### **Atik IX – Amandman ak evalyasyon regilye lwa yo**

De tyè majorite manm ki prezan yo ka amande lwa sa yo nan nenpòt reyinyon regilye asosyasyon an, depi yo te prezante amandman an alekri ba asanble a nan reyinyon ki te fèt avan an, epi depi li parèt nan avi reyinyon kote pou yo amande l la. Amandman yo ap efektif

imedyatman, sofsi yo presize lekonnè. Y ap fè yon evalyasyon an pwofondè lwa sa yo chak 3 ane. Tout kritè lwa sa yo dwe konfòm ak CR A-660 ansanm ak prensip DOE. Nenpòt manm PA/PTA ka prezante yon mosyon nan yon reyinyon ann asanble jeneral pou amande yon kritè nan lwa yo ki pa konfòm ak CR A-660. Yo dwe vote sou amandman ki vini fè respekte lwa yo imedyatman apre yo prezante mosyon an. Yo egzije de tyè manm yo kòm vòt majorite pou apwouve desizyon an.

Lwa sa yo jan yo dekri yo pi wo a, se asanble a ki te vote sou yo ak apwouve yo . Yo te apwouve amandman ki pi resan an dapre kritè atik IX, nan reyinyon manm ki te fèt nan dat \_\_\_\_\_.

(Mwa) (Jou) (Ane)

Moun ki siyen:

\_\_\_\_\_  
Prezidan

\_\_\_\_\_  
Sekretè

\_\_\_\_\_  
(Mwa) (Jou) (Ane)